



**P**woteje pitit nou yo nan Entènèt, se yon lide ki nan tèt nou tout jodi a, paske teknoloji ap chanje nan tout kote.

Kounye a, se pa Entènèt sèlman. Nou gen enfòmasyon ak kominikasyon tousuit anba men nou, depi nou genyen telefòn selilè ak lòt aparèy pòtatif. Li difisil pou kwè kouman sa pa pran okenn tan pou telefòn sesilè, mesaj tèks, mesaj enstantane, epi "twit" vin tounen prensipal mwayen kominikasyon. An menm tan teknoloji ak konpòtman sa yo ap chanje, nou oblije jwenn estrateji ki garanti pou pitit nou yo sèvi ak teknoloji sa yo nan yon jan ki rezonab epi ki san danje pou yo.

#### Konsèy pou Sekirite

- ◆ Si ou kwè pitit ou bezwen gen yon telefòn selilè, gade si ou ka limite kapasite pou telefòn lan voye ak resevwa foto ak videyo.
- ◆ Fè koneksyon sou Entènèt la tounen yon aktivite an fanmi. Gade si w ka kenbe òdinatè oubyen laptop la nan salon an oswa nan yon lòt kote tout moun sèvi, pase pou l rete nan chanm pitit ou.
- ◆ Fè pitit ou konnen yo kapab vin pale avèk ou sou nenpòt kisa yo jwenn sou Entènèt ki fè yo santi yo pa alèz. Sonje byen, se jan ou reponn yon timoun ki pral fè li deside si l ap vle fè w konfidans apre sa.
- ◆ Veye aktivite pitit ou sou Entènèt ak nan telefòn selilè, menm jan ou ta veye pwogram l ap gade nan televizyon, oswa liv l ap li, oswa sinema l ap gade.
- ◆ Di pitit ou pa bay enfòmasyon pèsònèl ni reponn si yon moun ofri yo yon bagay san mande anyen, tankou lojisyèl gratis oswa kado.
- ◆ Fè pitit ou sonje moun k ap fè konvèsasyon nan Entènèt avèk yo, se etranje toujou yo ye; kòm ou pa ka wè ni tande yon moun k ap ekri w nan Entènèt, li fasil pou yon granmoun fè w konprann se yon timoun li ye. Zanmi sou Entènèt se etranje toujou yo ye!
- ◆ Chèche enfòmasyon nan sit Entènèt yo pou w jwenn lojisyèl ki ede paran veye aktivite sou òdinatè yo.

*Henry Leane*

## Konsèy sou Teknoloji pou Sekirite Pitit ou

### Kisa ou Dwe Konnen

**Lojisyèl pou Bloke Aksè Entènèt:** Se pwogram òdinatè ki filtre sa ki soti nan Entènèt, epi ki anpeche w antre sou sit Entènèt ou make pou sa.

**Tablo Afichaj:** Se kote itilizatè yo kapab afiche mesaj. Pou pi souvan, lektè yo ka kontakte moun ki ekri yon mesaj nan imel.

**Kach:** Se yon pati nan disk di a kote yon navigatè wèb, tankou Internet Explorer oswa Mozilla Firefox, depoze enfòmasyon ki soti nan sit wèb itilizatè a fenk vizite, pou l ka retounen ladan yo pi vit.

**Konvèsasyon:** Se yon fonksyon plizyè sèvis Entènèt oubyen sit wèb ofri, pou pèmèt itilizatè yo fè "konvèsasyon", lè yo tape mesaj ki parèt menm lè a pou lòt moun k ap pale avèk yo. Anpil pwogram konvèsasyon pèmèt itilizatè yo twoke foto ak videyo, oubyen fè tande vwa yo.

**Imel:** Mesaj daktilografye ou voye nan yon òdinatè bay yon lòt moun oswa yon gwoup. Itilizatè a kapab voye ansanm ak mesaj la dosye ki gen imaj, oubyen son, oubyen videyo.

**Lojisyèl pou Filtre:** Se lojisyèl Entènèt ki filtre enfòmasyon, epi ki klase enfòmasyon ki nan Entènèt yo. Gen kèk lojisyèl pou filtre ki pèmèt itilizatè a chwazi kote li pa vle pèmèt antre.

**IM, ki vle di Mesaj Enstantane:** IM se jan yo rele "konvèsasyon" moun ap fè sou Entènèt. Gen plizyè pwogram ki gen "lis zanmi", kote itilizatè a ka wè si gen lòt moun li konnen ki anliy, epi li ka kontakte pou konvèsasyon.

**Afichaj:** Se lè ou voye yon mesaj bay yon gwoup diskisyon oswa nan yon zòn ki piblik.



#### Veye Siyal Avètisman sa yo

- ◆ pitit ou etenn monitè a byen vit, oswa li chanje ekran lè ou antre nan eal la
- ◆ pitit ou gen moun ou pa konnen k ap voye imel ba li, oswa k ap rele l nan telefòn
- ◆ pitit ou ale nan sit entènèt ki gen enfòmasyon sou jan pou fè bonm, oswa sou zamafe, sou dwòg, oubyen sou lòt aktivite ilegal

### Defini Kondisyon yo

- ◆ Defini kondisyon pou pitit ou sèvi ak Entènèt epi ak telefòn selilè.
- ◆ Deside ak pitit ou kisa li dwe genyen ak kisa li pa dwe sèvi.
- ◆ Tabli kondisyon konfidansyalite sou Entènèt pou tout fanmi an. Sonje byen, gen anpil founisè sèvis Entènèt ki bay mesajri gratis, kidonk adrès imel fanmi an kapab pa sèl adrès pitit ou sèvi.
- ◆ Di pitit ou pa janm reponn mesaj ki gen menas oswa gwo mo, epi pa janm klike sou okenn lyen nan yon imel, ni telechaje okenn dosye ki soti yon kote yo pa konnen.

### Kisa Oumenm ak Pitit ou PA JANM Dwe Fè

- ◆ PA JANM pèmèt pitit ou pran randevou san pèmision w ak moun yo rankontre sou Entènèt. Si gen randevou ki pran konsa, fè pitit ou a rankontre moun lan nan yon kote piblik, epi ale avèk li.
- ◆ PA JANM bay enfòmasyon sou pitit ou, tankou non li, kote li rete, non lekòl, nimewo telefòn, laj li, oswa lòt enfòmasyon pèsònèl sou li. Epitou, PA JANM sèvi ak non oubyen adrès imel pitit ou nan okenn lis piblik ni okenn pwofil.
- ◆ PA JANM afiche pòtre pitit ou nan fowòm Entènèt tout moun ka wè.

### Kisa ou KA Fè

- ◆ Mande Founisè Sèvis Entènèt la (ISP) kisa règleman yo di sou konfidansyalite, epi si yo ofri sèvis pou bloke aksè pou fanmi ki gen timoun. Si yo pa gen sa, gade ki lojisyèl pou bloke aksè Entènèt ou ka jwenn achte san ou pa peye twò chè.
- ◆ Gade nan kach Entènèt ak nan sit Entènèt kote timoun yo te antre sou òdinatè w la, pou wè nan ki sit pitit ou a te ale. Si pitit ou efase kach la souvan, chèche konnen pou kisa.
- ◆ Si w aprann gen moun k ap voye oubyen k ap sèvi avèk pònografi sou timoun anliy, fè lapolis konnen sa tousuit, oubyen kontakte Middlesex District Attorney's Office [Biwo Komisè Gouvènman Middlesex], oswa fè rapò bay National Center for Missing and Exploited Children's Cyber Tipline [Sant Nasyonal pou Konsèy Entènèt sou Timoun ki Disparèt oswa ki Eksplwate] nan adrès [www.missingkids.com/cybertip](http://www.missingkids.com/cybertip) oswa nan nimewo telefòn (800) 843-5678.
- ◆ Si pitit ou resevwa yon mesaj k ap anbete l, oswa k ap pale zafè sèks, oswa k ap menase l, voye yon kopi mesaj sa a bay ISP a epi mande l ede w ak pwoblèm lan. Epitou, kontakte biwo lapolis kote ou ye a oswa Biwo Komisè Gouvènman Middlesex la.

## Aktivite sa yo ilegal:

- ◆ Sèvi ak mwayen elektwonik pou anbete, tizonnen, oswa menase yon moun
- ◆ Voye foto moun ki touni oswa ki prèske touni, si moun yo pa gen 18 an, oswa bay moun ki pa gen 18 an
- ◆ Sèvi ak idantite yon moun sou Entènèt oubyen an pèsòn san pèmisyon moun lan
- ◆ Telechanje mizik san pèmisyon

## Sexting [Transmisyon Elektwonik sou Sèks]

Kisa "sexting" ye, epi pou kisa li se yon pwoblèm?

Mo "sexting" lan vle di voye yon foto oswa yon pòtre, oubyen dekri yon moun touni oswa prèske touni nan mesaj elektwonik, nan telefòn selilè bay yon lòt telefòn selilè.

Gen yon move tandans kounye a, kote timoun lekòl koumanse voye foto tèt yo, oswa foto lòt timoun nan lekòl yo oubyen foto lòt moun touni, nan mesaj elektwonik nan telefòn selilè. Sèlman, tan pou biwo nou an rive konnen lè sa pase, pwoteksyon timoun lan deja an danje. Sa vle di foto a ap sikile deja, kidonk timoun lan pa gen kontwòl ankò sou sa. Se poutèt sa edikasyon ak prevansyon se mwayen ki pi enpòtan pou chèche rezoud pwoblèm sa yo.



Èske lalwa defann "sexting" lan limenm?

Swivan laj ak jan yo prezante moun ki nan foto a, ak swivan sikonstans yo te rive jwenn ak sikile foto a, "sexting" lan kapab tonbe anba lobedyans lwa sou pònografi nan Eta kote timoun lan ye a.

Pou mande patisipe nan Fòmasyon sou Sekirite nan Entènèt nan kominote w la, ou mèl kontakte  
Middlesex District Attorney's Office



nan nimewo 781-897-6800 oswa 781.897.8300.

## Sekirite pou Telefòn Selilè ak Entènèt

Kontinye pale ak pitit ou pou liy komunikasyon yo toujou rete louvri. Esplike pitit ou aklè ki konsekans negatif ki kapab rive si yo voye yon foto tèt yo oswa foto lòt moun touni. Li enpòtan pou w esplike depi yo voye yon foto, yo pèdi kontwòl foto a nèt, kidonk yo pa ka janm reprann li ankò.

Lè w achte yon telefòn selilè pou yon timoun, fè timoun lan konprann byen ou pral mete kondisyon ki limite jan li ka sèvi ak telefòn lan, epi tanzantan ou pral gade enfòmasyon ak foto ki nan telefòn lan. Timoun lan ka bay rezistans, men ou ka esplike se pa yon pinisyon ou vle ba li, men se paske ou renmen l epi ou vle pwoteje l.

Pwofite pwogram edikasyon yo ofri nan lekòl ak nan lapolis nan kominote w la. Yo pral pèmèt ou pi alèz pou w pale ak pitit ou sou pwoblèm sa yo.

Kòmanse depi dat premye oktòb 2010, aktivite sa yo ILEGAL

- ◆ Si NENPÒT MOUN ekri, oswa voye, oswa li yon mesaj tèks pandan l ap kondui yon veyikil amotè, menm si se pandan veyikil la rete kanpe
- ◆ Si yon chofè ki poko gen laj 18 an sèvi ak NENPÒT KALITE TELEFÒN MOBIL, MENM SI SE TELEFÒN OU PA BEZWEN KENKBE AK MEN, pandan l ap kondui yon veyikil amotè

Finansman pou piblikasyon sa a soti nan yon sibvansyon Massachusetts Children's Alliance, ki se biwo nan Eta a ki reprezante National Children's Alliance [Alyans Nasyonal pou Timoun]



nan Sant Middlesex pou Defann Timoun lan.

[www.middlesexcac.org](http://www.middlesexcac.org)

## Telefòn Selilè

Myspace

YouTube

Texting

iMing

Chat Rooms  
(Sal Konvèsasyon)

Facebook

Entènèt

Cyber Bullying  
(Tizonnen Moun sou Entènèt)

Tweet

Sexting  
(Transmisyon Elektwonik sou Sèks)

Twitter



## Konsèy sou Teknoloji pou Paran Timoun

Middlesex District Attorney  
Gerry Leone

15 Commonwealth Avenue, Woburn, MA 01801

(781) 897-8300



[www.middlesexda.com](http://www.middlesexda.com)